

Dwa Pasyan an a yon obsèvatè

Ou gen dwa pou w gen yon obsèvatè nan sal egzamen an pandan nenpòt doktè ap egzamine tete w, basen w, pati jènital ou, ak pati tou dèyè w. Yon obsèvatè se yon moun ki fòme pou sa, ki konnen ak kisa pou l atann epi ki ap siveye doktè a pandan egzamen yo. Obsèvatè a ka asire l ke yo pa touche w yon mannyè ki pa apwopriye. Si w bezwen yon obsèvatè, mande pou yonn. Epi sonje, ou ka kanpe egzamen a nenpòt ki moman san onkenn rezon.

Si doktè w la pa bay yon obsèvatè, oswa si w pa konfòtab ak obsèvatè ke li ofri w la ou ka ranvwaye oswa anile egzamen an. Si sa rive, doktè w la sipoze ba w yon referans vè yon lòt founisè swen sante, si genyen. Ou ka deside fè egzamen yo tou san yon obsèvatè, oswa ou ka deside fè rès konsiltasyon an san doktè a pa fè egzamen yo pou ou. Se ou menm k ap deside.

Se Divizyon Afè Konsomatè New Jersey a ki bay doktè yo ak lòt founisè swen sante yo lisans. **Si w ta gen nenpòt preyokipasyon oswa plent konsènan egzamen ou yo, ou ka depoze yon plent nan Divizyon Afè Konsomatè.** W ap jwenn plis enfòmasyon konsènan kòman pou w depoze plent yo nan

<https://www.njconsumeraffairs.gov/sexual-misconduct-complaint>.

Konsilte N.J.A.C. 13:35-6.23



Biwo Pwokirè Jeneral New Jersey a
Divizyon Afè Konsomatè

ESKANE LA
pou plis enfòmasyon

